Panenge Muviri waKristo wava kubviswa:

Maria Mhandara yeShoko Rakanaka!
Makagamuchira Izwi mukarirarama,
ndokubva nhoroondo yashandurwa
Mhandara yeVaParidzi neyeNzira,
yakaunza ruponeso kuimba yaErizabheti,
Mwenje wepasi pose kumakomo eBheterehemu,
Rumbidzo kwamuri nokuva kwenyu muparidzi,
nekutambira kwamakaita Izwi,
nekuperekedza Jesu murunyararo.
Munokodzera kurumbidzwa,
nokuti basa ramakaita rakakusvitsai kumuchinjikwa,
uye kuchipo chaMweya Mutsvene, musi wePendekositi,
panova pakazvarwa Sangano reVaParidzi veShoko Rakanaka.
Maria Mhandara yemaSangano, isuwo tiri vaparidzi.
Dai Sangano rose ramutsiridzwa muna Mweya Mutsvene.
Dai tagona kuda Mwari Baba,
nevakoma nevanin'ina nehanzvadzi dzedu.
Dai tangova zvedu varombo vakazvininipisa,
tichiraramira pana Jesu,
nokuvazve vapupuri vokutambudzika,
kufa nokumuka kwenyu.
Muimba yose yatinopinda, dai taunza rugare,
tazivisa nezveUtongi hwaMwari,
uye kunyaradza vanotambudzika.
Dai taumba masangano maduku okunamata,
ane kubatana nouparidzi.
Dai tagona kupupura kutenda kwedu
tiine mufaro wokumuka kwenyu,
uye kuparidzira tarisiro kupasi rose.
Tinozvibatanidza nemi murunyararo rwenyu,
mukuzvipira kwenyu nomukushanda kwenyu.
Fambaiwo nesu munzira yedu.
Ameni.

KUPFUGAMIRA SAKARAMENDE KWEMASANGANO EVAPARIDZI VESHOKO RAKANAKA

Mhinzo: Rwiyo rwunoimbwa Muviri waKristo uchiiswa paAtari

Munamato wekutanga:

Kunemi Jesu Kristo, Tenzi wedu, Mununuri wedu, Shamwari yedu, murimo zvechokwadi muSakaramende Dzvene Rinoera. Isu taungana pano, kuti tikuremekedzei, tidzidze kubva kwamuri, nekuti tikudei. Tinopira kwamuri nguva ino yemunamato wedu, sechibayiro, chokuparidzira Shoko Rakanaka, kunyika dzose dzepasi.

Chiverengo chinobva muBhaibhiri:

Sarudzai chimwe kubva pakati peizvi: Mariko 16:15-16; VaRoma 10:13-15; Mabasa aVaPositori 13:47-49; Nziyo 96:1-10; Mabasa aVaPositori 26:14-18; Mateu 24:9-14; 1 Nhoroondo 16:23-27; Ruka 24:45-48; Mabasa aVaPositori 1:8; Zvakaratidzwa Johane 14:6; Isaya 6:6-8; Mabasa aVaPositori 16:9-10; Mateu 28:18-20; 2 VaKorinde 5:18-20; 2 Madzimambo 17:27; Johani 3:16-17

Kufunga nekunamata zvakadzama:

MuKatorike wose anofanira kubatsirana nevamwe vose pakufambisa chinangwa cheSangano. Takatumwa pasi pano kuti tiparidze Rudo neChokwadi zveShoko Rakanaka, kumhuri dzedu, vavakidzani vedu, shamwari dzedu, uye munyika dzose.
Murunyararo rwuno rutsvene, pamberi paTenzi wedu muYukarisitiya, ngatidzamisei pfungwa nokunamata kwedu, nezvebasa ratakatumwa pasi pano. Ngatikumbirei Mununuri gwara ratingashandise kuparidzira Shoko Rakanaka, uye mabatsiriro atingaite kuendesa mberi chinangwa cheSangano.

Runyararo Rutsvene

Kunamatira Sangano,Vaparidzi veShoko Rakanaka, mabasa akasiyana-siyana eSangano, kupinduka kwevasati vatenda, davidzo itsva dzezvokuparidzwa kweShoko Rakanaka, uyewo isu pachedu…
Tinodavira tichiti:

Nenyasha dzenyu tinzweiwo isu, Tenzi wepasi pose.

KURUMBIDZA JESU MUSAKARAMENDE RINOERA:

1. Ngatirumbidzei rudo Nyakusika,
akasakisa kuti Mwoyo waJesu, ushuwire kudzika Yukaristia inoera.

2. Ngatirumbidzei Tenzi Mwari vedu,
norudo rwavo rusingaperi, vakadzika Sakaramende Rinoera kuti vatibatanidze pano pasi nokusingaperi.

3. Ngatirumbidzei kutora chingwa nemaoko anoera,
kuchiteketera,nokutenda Baba vokudenga Vasina Mugumo.

4. Ngatirumbidzei Mweya Mutsvene, anoshandura chingwa newaini,
kuti chive muviri neropa, zvinotibatanidza.

5. Ngatirumbidzei Mupristi mukuru anogara narinhi,
akapa Sakaramende rinoera kwazvo, somupiro woruponeso,
nechitsidzirano navanhu chisingaperi.

6. Ngatirumbidzei, Mwari Muponesi,
netsitsi dzake huru anotikoka kuti tiriritirwe nomuviri neropa rake.

7. Ngatirumbidzei, Jesu muSakaramende rinoera,
chidyo chevari parwendo, nesimba ravanyakufa,
uye kumuka kwavose vanofa muchitendero.

8. Ngatirumbidzei, mupristi nechibayiro, anogara muTabhanakuru.

Dzenyuwo rumbidzo dzinokwanisa kuwedzerwawo...

RWIYO PASATI PAPIWA CHIKOMBORERO CHOKUPEDZISIRA:

Ngatipfugamei tichipa ruremekedzo kuSakaramende iri rakaisvokosha.
Pane kunamata kutsva kwakanakisisa
Zvekare zvose ngazviparare
Pfungwa hadzinganzwisise chishamiso ichi
Rutendo ngaruvepo kubatsira runzwisiso
Rukudzo, simba nokurumbidza
Ngatiimbei neizwi rimwe chete
Mwari ngaarumbidzwe, Mweya Mutsvene,
Utatu Hutsvene, Mwari mumwe chete, ngaatunhidzwe.

Mu: Makavapa chingwa chokudenga (Areruya).
Va: Chinopa upenyu hwose (Areruya).
Mu: Ngatinamatei. Mwari makatisiyira Sakaramende rinoshamisa, kuti rive chiyeuchidzo chokutambudzika kwenyu. Tigonesei kuremekedza muviri neropa renyu, kuti murambe muchitiraramisa. Imi munogara nokutonga kwemisi isingaperi. Ameni.

Kukomborerwa neSakaramende

Mushure mekukomborerwa:

Ngatirumbidzei Mwari.
Ngatirumbidzei zita rake Dzvene.
Ngatirumbidzei Jesu Kristo,Mwari chaiye nomunhu chaiye.
Ngatirumbidzei zita raJesu.
Ngatirumbidzei Mwoyo wake Mutsvene kwazvo.
Ngatirumbidzei ropa rake rakakosha kwazvo.
Ngatirumbidzei Jesu MuSakaramende Dzvene kwazvo reAtari.
Ngatirumbidzei Mweya Mutsvene Musimbisi.
Ngatirumbidzei amai vaMwari, Maria mutsvene kwazvo.
Ngatirumbidzei mweya waMaria wakasikwa usina mhaka.
Ngatirumbidzei kukwidzwa kwaMaria kudenga.
Ngatirumbidzei zita raMaria,mhandara naamai.
Ngatirumbidzei Josefa Mutsvene ,murume waMaria.
Ngatirumbidzei Mwari mukurumbidza kwatinoita Vatumwa naVatsvene vose.